



Pou Piblikasyon Imedya: 09/11/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO EFÒ POU OGMANTE SEKIRITE SOU OTOWOUT YO AK ANPECHE KAMYON YO FÈ KOLIZYON NAN PON KI BA YO**

*Ranplasman pon ki koute 3.8 milyon dola nan konte Albany an gen ladan amelyorasyon sekirite tankou espas ki pi elve pou sikilasyon sou otowout yo ak elaji akotman pon yo*

*Pwojè an te konplete nan bidjè a epi yon mwa anvan dat ki te planifye an*

***Gouvènè a lanse kanpay ranfòsman ak kanpay edikatif tou pou anpeche kamyon yo fè kolizyon nan pon ki ba yo***

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse achèvmman pwojè ranplasman pon ki koute 3.8 milyon dola nan Old State Road Bridge nan NYS Thruway (I-90) nan Konte Albany. Pwojè a, ki te kòmanse nan mwa mas la, te fini nan bidjè a ak yon mwa davans anvan dat ki te planifye a pou apeprè 5.300 veyikil ki itilize Old State Road Bridge la chak jou. Depi 2016, pwogram kapital Otorite Thruway (Thruway Authority) la te sipòte ranplasman oswa reyabilitasyon 133 pon atravè sistèm 917.3 km li a.

Anplis de sa, pou anpeche kolizyon pon alavni, Gouvènè a te mande Polis Eta New York, Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York, ak Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC) a pou lanse yon efò ranfòsman kolaborasyon ak yon efò edikatif ki pral fèt apati lendi 9 novanm rive dimanch 15 novanm. Eta New York anrejistre an mwayèn apeprè 220 kolizyon pon chak ane, sa ki lakòz potansyèl blesi pou chofè kamyon yo ak otomobilis ki tou pre yo, ak reparasyon ki koute chè nan pon an li menm, ak gwo pètibasyon nan sikilasyon an. Gen plis pase 1.100 kolizyon pon sou wout New York yo depi 2015.

"Pandan ke n'ap kenbe yon enfrastrikti transpò ki solid, san danje, li enpòtan pou kenbe wout nou yo an sekirite, li se yon pyès enpòtan tou nan grandi ekonomi lokal yo e se pou sa New York fè ranfòsman nan pon ak wout yo yon pi gwo priyorite", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Non sèlman nouvo Old State Road Bridge la amelyore sekirite ak fyabilite Thruway la, men nan ogmante espas li a, nou ap ede anpeche reta sikilasyon ki anbarasman ki gen enpak sou vwayaj ak komès. Lè ou konbine pwogrè sa a ansanm ak nouvo inisyativ ranfòsman ak inisyativ edikatif nou an, New York ap pran

yon apwòch pwo-aktif k'ap amelyore sekirite pou tout moun ki vwayaje sou wout nou yo."

Pon pasaj siperyè a, ki sitiye ant Sòti 24 (Albany - I-87) ak Sòti 25 (Schenectady - I-890), te sibi anpil kolizyon kamyon ki wo pandan plizyè ane ki sot pase yo, sa ki lakòz pètibasyon sikilasyon sou liy prensipal Thruway la. Nouvo wotè pon an pral anpeche ensidan similè alavni ak yon ogmantasyon espas ki estime a 16 pye, 6 pous pou sikilasyon k'ap fèt sou NYS Thruway (I-90) la.

Pon an te konstwi lè avèk 260,000 liv asye estriktirèl ki fèt Ozetazini epi nouvo sifas sikilasyon ak apwòch li yoi te itilize 764.55 mètr kib (m<sup>3</sup>) beton, ansanm ak 1,000 tòn asfalt. Pou plis ranfòse sekirite, yo te aplike liy vwayaj ak akotman, ak nouvo gidaj sekirite ki pi laj.

**Senatè George A. Amedore, Jr. te deklare,** "Envesti nan enfrastrikti demode nou yo tèlman enpòtan, e mwen kontan wè achèvmman pwojè ranplasman Old State Road Thruway Bridge la ki pral bay yon eksperyans vwayaj ki pi an sekirite pou rezidan yo ak vizitè yo".

**Manm Asanble Patricia Fahy te deklare,** "Gen plis pase 5,300 machin ak rezidan lokal ki pase sou pon sa a pou fè ale-retou nan aktivite yo ak nan travay yo chak jou. Mwen remèsye Otorite Thruway Eta New York la pou travay yo paske yo ranplase estrikti ki deteryore e ki pa te an sekirite, epi paske yo bay biwo mwen ak kominote an mizajou regilyèman sou pwojè a li menm ak paske yo travay pou kenbe enfrastrikti transpò lokal nou yo".

**Deklarasyon Egzekitif Konte Albany an, Daniel P. McCoy** "Lè ou mande Nouyòkè yo ki pwoblèm ki ba yo plis sousi, enfrastrikti ak transpò gen anpil chans pou fè pati lis la. Rezidan nou yo merite pou yo ka ale travay, lekòl, ale nan gadri ak tout lòt kote chak jou avèk lapè nan lespri yo, epi Gouvènè Cuomo konprann sa. Mwen fyè paske Konte Albany kapab sipòte efò li pou amelyore pon nou yo ak wout yo kontinyèlman, tankou pwojè ranplasman 3.8 milyon dola sa a ki te fè pon nou an vin pi an sekirite e yo te menm itilize asye ki fè Ozetazini".

**Deklarasyon Prezidan Lejislati Konte Albany an, Harold L. Joyce** "Envestisman enfrastrikti yo se youn nan fonksyon ki pi esansyèl nan gouvènman an - epi pwojè Old State Bridge la se yon egzanp pou itilize revni dwa pasaj la avèk responsabilite. Mèsi ak Otorite Thruway la pou ajou sa a ki amelyore sekirite pou otomobilis ak pyeton yo pandan y'ap kenbe yon kanal esansyèl ant kominote nou yo".

**Sipèvizè Vil Guilderland lan, Peter G. Barber, te deklare,** "Mwen remèsye Otorite Thruway ak antreprnè li paske yo acheve ranplasman pon Old State Road la, ak yon estrikti asye ki fèt USA. Nouvo pon an ankouraje sekirite pyeton ak bisiklèt ak akotman elaji, epi li bay yon koneksyon ak Prezèv Pine Bush Albany (Albany Pine Bush Preserve) an".

Kòm yon pati nan efò ranfòsman an, Twoup Eta yo pral konsantre sou patwouy aktif nan zòn chak Twoup kote yo te dokimante gwo veyikil komèsyal yo te fè kolizyon nan pon yo. Kolizyon pon sa yo gen plis chans pou yo rive sou wout ki gen pon wout ray ki ba yo, ak sou Parkways Eta New York yo. Yo entèdi kamyon komèsyal pase sou wout panoramik yo, men operatè ki gide pa aparèy GPS gran-piblik ka rann yo sou wout panoramik yo, epi lè sa rive li inevitab pou gen yon kolizyon nan pon an. Aparèy GPS gran-piblik yo pa gen ladan yo enfòmasyon sou pon ki ba, chofè kamyon yo oblije sèvi ak sistèm GPS komèsyal depreferans ki bay detay sou pon ki ba ak wout yo entèdi yo.

Anplis ogmante ranfòsman an, yo te devlope yon kat konsèy ak lòt materyèl pou edike chofè yo - sitou chofè kamyon bwat yo ak lòt veyikil komèsyal yo - sou danje ki genyen nan pon ki ba yo epi kòman pou evite yo. Yo pral mete materyèl edikatif yo disponib pou piblik la nan zòn repo sou otowout yo, nan Depatman Biwo Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles) yo ak nan lokal yo lwe kamyon yo. Yo avèti operatè veyikil komèsyal yo ke yo entèdi yo pase sou wout panoramik Eta New York yo paske yo gen pon ki ba; ensiste sou bezwen pou yo okouran sou siy ak mak sou chose yo epi ankouraje yo sèvi ak sistèm GPS komèsyal yo ki konsidere restriksyon wotè. Sistèm kat jewografik sou telefòn yo oswa inite GPS tradisyonèl yo pa konsidere pon ki ba yo.

**Sipèentandan Lapolis Eta a, Keith M. Corlett, te deklare,** "Kolizyon nan pon kontinye rete yon pwoblèm nan tout eta a, sa ki mete sekirite otomobilis yo an danje, mete dispit nan sikilasyon an epi lakòz domaj. Patwouy sible sa yo rantre nan kad efò avèk patnè nou yo nan DOT ak Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a pou sansibilize sou pwoblèm sa a epi redwi ak evantyèlman elimine kolizyon nan pon yo nan tout eta a".

**Direktè Egzekitif Otorite Thruway lan Matthew J. Driscoll te deklare.** "Otorite Thruway la angaje nan re-vesti dola dwa pasaj yo nan pwojè esansyèl, tankou ranplasman Old State Road Bridge la, pou founi yon wout ki fyab pou jenerasyon k'ap vini yo ka vwayaje sou li. Kounye a li fini, nouvo pon an pral amelyore sekirite sou Old State Road la ak sou liy prensipal Thruway la ki anba a".

**Komisè Depatman Transpò a, Marie Therese Dominguez te deklare,** "Kolizyon nan pon reprezante yon danje pou tout moun ki itilize otowout nou yo epi yo lakòz yon kantite chofè ke ou pa ka konte pran yon reta ki pa nesèsè kote yo bloke nan sikilasyon an akòz kolizyon pon yo. Depatman Transpò a fyè pou li rejwenn Polis Eta a ak lòt patnè nou yo nan gouvènman an nan inisyativ enpòtan sa a ki pral espere fè kamyon yo rete andeyò wout kote ki pa fèt pou yo epi fè otowout nou yo vin pi an sekirite pou tout moun".

**Komisè DMV a ak Prezidan Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC), Mark J. F. Schroeder, te deklare,** "Kolizyon nan pon yo pa sèlman rann sikilasyon an sere ak domaje veyikil yo, men yo ka konpwomèt sekirite enfrastrikti nou an tou. Nou sipòte efò patnè nou yo nan fè respekte lalwa ak nan DOT epi nou angaje nou pou edike chofè yo sou fason pou navige pon ak tinèl New York yo san danje".

Depi 2013, Depatman Transpò Eta New York la te patisipe nan yon Fòs Entèkansyon rejyonal pou Kolizyon Nan Pon (Bridge Strike Task Force) nan Hudson Valley a. Akoz efò plizyè ajans sa a, NYSDOT te ajoute yon nouvo pano siyalizasyon ak mak sou asfalt la sou tout longè otowout Hutchinson River a, Saw Mill River, Cross County ak Sprain Brook ak nan antre ranp yo. Yo deja enstale sistèm deteksyon veyikil ki twò wo nan plizyè kote toupatou nan Eta New York.

Nouvo amann ak penalite pou moun k'ap kondi veyikil komèsyal sou wout panoramik Eta New York yo te antre an vigè 3 septanm 2020 an. Yo repati penalite pou veyikil komèsyal sou wout panoramik yo an fonksyon pwa yo, e genyen penalite tou pou veyikil ki twò wo. Men kòman amann ak sanksyon maksimòm yo ye:

Mwens pase 10,000 liv:

- Premye vyolasyon - 250 dola ak/oswa 15 jou nan prizon
- Dezyèm vyolasyon nan espas 18 mwa - 500 dola ak/oswa 45 jou nan prizon
- Twazyèm vyolasyon oswa vyolasyon ki fèt aprè nan espas 18 mwa - 750 dola ak/oswa 90 jou nan prizon

Ant 10,000 ak 26,000 liv:

- Premye vyolasyon - 350 dola ak/oswa 15 jou nan prizon
- Dezyèm vyolasyon nan espas 18 mwa - 700 dola ak/oswa 45 jou nan prizon
- Twazyèm vyolasyon oswa vyolasyon ki fèt aprè nan espas 18 mwa - 1,000 dola ak/oswa 90 jou

Plis pase 26,000 liv:

- Premye vyolasyon - 700 dola ak/oswa 15 jou nan prizon
- Dezyèm vyolasyon nan espas 18 mwa - 1,500 dola ak/oswa 45 jou nan prizon
- Twazyèm vyolasyon oswa vyolasyon ki fèt aprè nan espas 18 mwa - 2,000 dola ak/oswa 90 jou nan prizon

Men kòman nouvo amann ak penalite pou veyikil ki twò wo yo ye:

- Premye ofans - 1,000 dola ak/oswa 30 jou nan prizon
- Dezyèm ofans oswa ofans ki fèt apre - 2000 dola ak/oswa 60 jou nan prizon

###

Lèt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)